

Date Printed: 04/20/2009


---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 71  
Document Title: Konesans dwa fanm pou fanm yo kapab  
avanse  
Document Date: 1995  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00790



\* 8 3 C 7 D C A 6 - 6 A C 4 - 4 6 7 E - B 4 E 0 - 2 B 2 F 4 D D B 4 9 0 9 \*

# Konesans dwa fanm pou fanm yo kapab avanse



Misyon Sivil Entènasyonal an Ayiti  
nan tèt ansanm ak Ministè sou Sitiyasyon Fanm ak Dwa Fanm

***F. Clifton White Resource Center***  
**IFES**  
**1101 15th Street, NW**  
**Washington, DC 20005**

**Kèk pwen enpòtan pou  
ede lit fanm ak tifi yo avanse,  
nan rezolisyon final  
katriyèm Konferans Mondyal  
sou Fanm ki te fèt Beijing,  
nan peyi Lachin  
an septanm 1995**

## Entwodiksyon

**A**n septanm 1995, te gen 190 peyi ki te patisipe nan Katriyèm Konferans Mondyal sou Fanm nan vil Beijing, nan peyi Lachin.

Ayiti ansanm ak tout peyi ki apwouve rapò final la, pran angajman pou yo fè lit fanm yo vanse nan plizyè domèn, espesyalman nan domèn nou pale nan ti liv sa a.

Pandan 9 jou, anpil pale te fèt sou kalte mwayen peyi manm Nasyonzini yo dwe pran pou ede pwomosyon ak devlopman tout fanm.

Mwayen sa yo dwe pèmèt derasinen tout sa ki anpeche fanm yo rive okipe plas enpòtan nan sosyete y ap viv, kit se nan lavi prive yo kit se nan lavi piblik.


Dispozisyon gouvènman yo va pran, va pèmèt fi ak gason egal ego. Se pou tout fanm ka bay opinyon yo sou tout sa ki regade avni yo tankou nan zafè ekonomik, nan zafè politik, nan zafè sosyal, nan zafè kiltirèl, eksetera.

Nan gwo dokiman ki te sòti kòm rezolisyon, men sa nou kapab di kòm dènnye pawòl:

**Bay fanm ak ti fi menm chans ak gason dapre deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun.**



Fòk tout fanm ak ti fi nan peyi a aprann li ak ekri. Leta dwe pran tout dispozisyon ki nesèsè pou sa rive fèt. Epitou fòk yo louvri pòt tout fakilte ak lekòl pwofesyonèl pi plis pou fi, tankou: lekòl teknik, Fakilte dwa, Fakilte medsin, Fakilte jeni, Lekòl nòmal eksetera. Kote yo va jwenn bon jan fòmasyon pou yo ka travay pi byen demen.



Fòk otorite yo mete bon jan mwayen pou tout fanm ka akouche nan bon kondisyon, bay fanm saj yo bon jan ankadreman ak fòmasyon epi pèmèt tout ti fi ak tout fanm gen plis konèsans sou nati kò yo.



Pran tout dispozisyon enstitisyonèl ki nesèsè  
epitou ranfòse sistèm jidisyè a pou pèmèt  
fanm ki viktim zak vyolans yo jwenn sekirite  
pou denonse lotè zak sa yo epi pou pote plent  
kont yo.






Fòk yo mete bon mwayen, bon èd ak bon fòmasyon pou fanm ak ti fi ki kite zòn lakay yo, oubyen ki kite peyi yo lè y ap kouri pou tout fòm pèsèkasyon.





Chanje tout lwa ki anpeche fanm gen menm chans ak gason nan zafè ekonomi. Fòk tout biwo leta ak tout kote y ap pran desizyon sou avni peyi a rekonèt enpòtans fanm ak ti fi nan devlopman yon peyi e yo dwe bay tout pwogram pou devlopman fanm anpil enpòtans.



Yo pa dwe anpeche fanm ki decide patisipe nan koze ki regade avni peyi a, okipe pòs politik, ni yo pa dwe anpeche yo di sa yo panse sou politik peyi yo. Se pou yo pran tout dispozisyon ki nesèsè pou fanm kapab okipe plas kote yo pran desizyon pou peyi a epi pou yo ka patisipe nan desizyon sa yo nètalkole.



Se pou yo pran tout dispozisyon ki nesèsè, espesyalman nan koze edikasyon, pou chanje konpòtman sosyal ak konpòtman kiltirèl gason ak fanm, dekwa pou yo elimine prejije, koutim ak pratik ki ta vle fè konprann fanm enferyè gason osnon yon seri vye lide kòm kwa gen travay ki fèt pou gason pandan gen travay se pou ti fi ak fanm yo fèt.



Nou mande pou gen gwo pwopagann ki fèt pou fanm travay menm jan ak gason nan afè enfòmasyon ak kominikasyon tankou nan radyo, nan jounal, nan televizyon, eksetera.

**Katriyèm Konferans Beijing nan redi sa ankò:**

**Dwa fanm ak dwa tifi fè pati dwa yo pa ka retire nan men pyès moun. Epitou dwa sa yo fè pati dwa tout moun sou latè genyen.**

**Misyon Sivil Entènasyonal an Ayiti  
nan tèt ansanm ak Ministè sou Sitiyasyon Fanm ak Dwa Fanm**

Direction artistique et Dessins: Rono  
Design et couleurs: Stéphanie Gustave  
[ Vert Feuille Design ]

Coordination: L. Manuel

Impression: H. Deschamps

